

# Depatman Trezò ak Koleksyon Kesyon ki Poze Souvan

93 HIGHLAND AVENUE, SOMERVILLE, MA 02143

TELEFÒN (617) 625-6600 x-3500 FAKS (617) 666-9682 TTY (617) 666-0001

Peye bòdwo sou entènèt nan: [www.somervillema.gov](http://www.somervillema.gov)

**Ki lè taks yo dwe?** Vil Somerville gen yon sistèm taks chak trimès epi taks yo dwe 4 fwa pa ane. Dat pou peye taks yo se Out, Novanm, Fevriye ak 1<sup>ye</sup> Me. Si premye a tonbe nan yon fen semèn oswa jou ferye, taks yo dwe jou ouvrab ki vin apre a.

**Ki peryòd ki kouvri nan Ane Fiskal la?** Ane Fiskal 2022 (AF22): 1<sup>ye</sup> jiyè 2021 epi li fini 30 jen 2022.

## **Ki peryòd mansyèl ki kouvri nan bòdwo taks la?**

Bòdwo ki dwe 1<sup>ye</sup> Out (1<sup>ye</sup> trimès) kouvri 1<sup>ye</sup> jiyè jiska 30 septanm. (Bòdwo Taks Preliminè)

Bòdwo ki dwe 1<sup>ye</sup> novanm (2<sup>yèm</sup> trimès) kouvri 1<sup>ye</sup> oktòb jiska 31 desanm. (Bòdwo Taks Preliminè)

Bòdwo ki dwe 1<sup>ye</sup> fevriye (3<sup>yèm</sup> trimès) kouvri 1<sup>ye</sup> janvyè jiska 31 mas. (Bòdwo Taks Byen Imobilye)

Bòdwo ki dwe 1<sup>ye</sup> me (4<sup>yèm</sup> trimès) kouvri 1<sup>ye</sup> avril jiska 30 jen. (Bòdwo Taks Byen Imobilye)

**Kisa taks Preliminè ye?** Bòdwo taks preliminè yo se bòdwo ki estime. Estimasyon an baze sou bòdwo taks aktyèl ane fiskal anvan an. Taks preliminè a dwe nan de vèsman (Out ak Novanm). Fòmil: Aktyèl pou AF anvan x 2.5% = X. (Aktyèl + X) divize pa 4.

**Kisa Taks Imobilye ye?** Taks byen imobilye se taks aktyèl la pou Ane Fiskal la. An Desanm, Depatman Evalyasyon an evalye taks pou ane a epi yo retire kantite lajan ki peye sou bòdwo Preliminè yo nan taks la. Taks BI a dwe an de vèsman (fevriye ak me).

**Èske nou aksepte dat lapòs pou resi dat peman?** Non. Yo konsidere bòdwo yo peye lè Trezorye a resevwa yo. Dat lapòs sou anvlòp yo pa aksepte kòm dat peman an. Tout peman yo dwe resevwa nan biwo Trezò a nan dat li dwe a. Peman an reta ap antrene enterè/penalite.

**Ki pousantaj enterè yo pou bòdwo ki paye an reta yo?** Byen Imobilye, Pwopriyete Pèsonèl ak Dlo ki pa peye yo sijè a enterè 14% dapre Lwa Jeneral Massachusetts Chapit 59, seksyon 57 ak 57C. Pousantaj enterè Tit taks la se 16% dapre Lwa Jeneral Massachusetts Chapit 60, seksyon 62. To enterè dwa aksiz se 12% dapre MGL 60A, seksyon 2.

**Kòman pou m chanje oswa mete ajou adrès bòdwo m lan?** Depatman Evalyasyon an kenbe baz done adrès postal bòdwo taks la. Depatman Dlo kenbe baz done adrès postal bòdwo dlo a. Kontakte chak depatman respektif pou ekzijans pa yo. Trezò pa kenbe baz done adrès postal. Pega voye chanjman adrès ak peman ou.

**Èske m ka peye bòdwo m sou Entènèt ak/oswa pa telefòn?** Ou ka peye sou Entènèt sou sitwèb vil la:

[www.somervillema.gov/payments](http://www.somervillema.gov/payments) Vandè peman sou Entènèt nou an City Hall Systems aksepte peman pa telefòn pou kèk bòdwo.

Nimewo telefòn: 508 381 5455.

**Chèk ki retounen:** Si yo retounen peman pou lajan ki pa ase, y ap mete yon frè \$25.00 sou kont lan, si peman sa a depase \$2,500.00, y ap mete yon frè 1% sou kont lan dapre Lwa Jeneral Massachusetts, Chapit 60, seksyon 57A.

**E si mwen pa t resevwa yon bòdwo taks?** Si w pa resevwa bòdwo taks sou pwopriyete w la, sa pa ka sèvi kòm eskiz pou w pa peye taks, oswa epaye w nan peye enterè ak frè ki akimile sou balans ki pa t peye (yo). Yo jenere yon bòdwo taks epi voye pa lapòs pou chak pasèl nan vil la. Se responsablite mèt pwopriyete a pou peye menm si li pa resevwa yon bòdwo. Kontakte Depatman Trezò a pou li voye yon kopi bòdwo pa lapòs ba ou. Dapre lalwa, non pwopriyete dosye a apati 1<sup>ye</sup> janvyè ane fiskal anvan an dwe sou bòdwo taks la. Nouvo mèt pwopriyete yo ka fè ajoute non yo sou bòdwo a (parèt kòm “c/o” sou bòdwo a) lè yo kontakte Depatman Evalyasyon an [assessing@somervillema.gov](mailto:assessing@somervillema.gov).

**Konpayi ipotèk mwen an peye taks mwen, poukisa ou voye yon bòdwo ban mwen?** Yo jenere yon bòdwo taks pou chak pasèl nan vil la. Tanpri remake ke konpayi ipotèk yo tipikman pran lajan peman taks nan kont segondè w la yon mwa anvan dat taks la pou peye taks ou alè. Gade deklarasyon ipotèk ou yo yon mwa anvan dat taks la epi konpare li ak kantite lajan vil la voye bòdwo w la. Konpayi ipotèk yo ak konpayi sèvis taks yo resevwa yon fichye elektwonik nan men Vil la, yo chwazi kont yo vle peye pou li a epi yo retounen dosye ki make a bay vil la ak lajan an. Vil la poste dosye a, mete ajou kont taks byen imobilye kòm kwa li peye.

## **Mwen te vann pwopriyete m lan epi m kontinye resevwa yon bòdwo taks sou byen imobilye. Kisa m dwe fè?**

Dapre lalwa, non pwopriyete dosye a nan dat 1<sup>ye</sup> janvyè ap parèt sou bòdwo taks la pou pwochen ane fiskal la (4 bòdwo pou chak ane fiskal). Si ou te vann pwopriyete w la nan yon dat ki toupre yon dat taks lan dwe, verifye ke konpayi ipotèk ou a pa te fè yon peman taks sou non w anplis de avoka klozing ki te okipe l de vant lan. Nouvo pwopriyete a ta dwe kontakte Depatman Evalyasyon an pou fè yo “ajoute” non ak adrès li sou bòdwo taks la nan espas “c/o” adrès la pou rès Ane Fiskal la. Ou ka retounen bòdwo a bay Vil la, voye li bay nouvo pwopriyete a, oswa jete bòdwo a. Depatman Trezò/Biwo Pèseptè Taks la pa kenbe baz done adrès bòdwo taks la paske sa a se yon fonksyon Depatman Evalyasyon.